CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #४०

१८ ।३ ।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## विदेशमे रहिरहल कामदारके उद्धारमे ढिलाई किया ?

असार ११ गते तक स्वदेश फिर्ता आनपरवला

३० देश सँ २४,१४८ कोई

असार १४ गते तक स्वदेश आबि चुकल नागरिक

२१ देश सँ १२,१५१ कोई

स्वदेश फिर्ता आनल शव

७ देश सँ ५७ कोई

अखनो विदेशमे रहल नेपाली नागरिकके शव

१२०

वैदेशिक रोजगारी कल्याणकारी कोषमे जम्मा रकम

रु. ६ अर्ब

करार खतम होब सँ पहिले कम्पनी बन्द भेलहाके नि:शुल्क उद्धार कर परत कहि सर्वोच्चके अन्तरिम आदेश

सरकार प्राथमिकताके आधारमे सार्वजनिक कएने सूची मे सँ सेहो अखनतक जम्मा आधा जते नेपाली नागरिक मात्रे स्वदेश आब पाएल अछि । हवाई भाडा महंगा भेल कहि सेहो जत तत् विरोध भरहल छै । लेकिन, अपने खर्चमे स्वदेश फिर्ता आब नै सकत तै अवस्थामे मझधारमे परलसभ अखनो दिक्कते मे अछि । कामदारे सभ जम्मा केने वैदेशिक रोजगारी कल्याणकारी कोषमे ६ अर्ब रकम होईतो बहुतो बहानामे किया ओकरसभके उद्धार होबमे विलम्ब भरहल छै ?

स्रोत: https://moless.gov.np https://mofaga.gov.np https://www.nayapatrikadaily.com

## नेपाल अपडेट



भेरी अस्पतालके प्रयोगशालामे कोरोनाके परीक्षण करैत स्वास्थ्यकर्मी

तस्बिर: नरेश श्रेष्ठ

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: २,३७,७६४

पोजेटिभ: १४,५१९

उपचाररत: ९,१६८

मृत्यु : ३१






Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



कोरोना रोकथाममे भेल खर्चके विवरण स्थानीय सरकारसँगे सूचनाके हकके निवेदन दलक मांगलापर सेहो नै देने अछि । नै त ओकर वेवसाइटमे छै, कत शिकायत करबै ?

अई सन्दर्भमे सार्वजनिक निकाय कोरोना भाईरसके संक्रमण, रोकथाम, नियन्त्रण, ईलाज आ राहतके लेल केने निर्णय, किनल तथा वितरण सम्बन्धी सूचना सार्वजनिक कर कहिक राष्ट्रिय सूचना आयोग निर्देशन द देने अछि । यदि सम्बन्धित निकाय नेपालके संविधानके धारा २७ आ सूचनाके हक सम्बन्धी ऐन, २०६४ के दफा ३ आ ७ अनुसार सूचना माँग केने निवेदन उपर सुनुवाई नै करलक त सूचना उपलब्ध कराब के आदेश क दिय कहि राष्ट्रिय सूचना आयोगमे पुनरावेदनके लेल निवेदन देब सकैत छी । आयोगमे पुनरावेलनके ढाँचा एत सँ डाउनलोड कल सकै छी ।

स्रोत: https://nic.gov.np/mydata/164/1589890587.nepalgov_corona.pdf



सूदुरपश्चिममे धियापुतामे कोरोनाके संक्रमण बढिरहल अछि कहै छै । तेना छै त धियापुताके बचेनाई मुश्किल हेतै ।

सूदुरपश्चिम प्रदेशमे १७५ कोई ९ वर्ष निचाके धियापुताके कोरोनाके संक्रमण पुष्टि भेल छै । संक्रमण देखाएल प्राय सब धियापुता अपन अभिभावकके साथमे भारत सँ आएल अछि । धियापुता सँ संक्रमण फैल के जोखिम बेसी भेलाके कारण अभिभावक बेसी सचेत होब परत । लेकिन, हड्बडा जाएके अवस्था नै छै ।

स्रोत: डा गुणराज अवस्थी, निर्देशक, सुदूरपश्चिम प्रदेश स्वास्थ्य निर्देशनालय



श्रावण ७ गते तक लकडाउनके अखुनका मोडालिटी लागु हेतै कहने अछि । फेरो SMS के पालनामे कडाई करतै कहादन । एकर मतलब कि भेलै ?

आम आदमी सरकारके तोकलगेल स्वास्थ्य मापदण्ड पालना नै केलक कहिक शिकायत बढ्लाके संगे SMS के पालनामे कडाई करत कहने छै । तेकर मतलब, S = Social Distancing (सब तरहके जमघटमे कम्तिमे २ मिटरके दुरी अनिवार्य रूपमे कायम करब) M = Mask Use (घर सँ बाहर निकललापर सर्जिकल या तीन तहके कपडाके मास्क प्रयोग अनिवार्य करब) आ S = Sanitize (सब सार्वजनिक स्थल तथा कार्यालयसभके अपन परिसरमे हाथ धोबला साबुन आ पाइन या स्यानीटाईजरके अनिवार्य व्यवस्था मिलाब आ भवन प्रवेश करकालमे ओकर प्रयोग केने सुनिश्चित करब) छै ।

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1-plSOtgWXVRfH5bZTmZmPxvxNQFssQMh/view



वैदेशिक रोजगारीके क्रममे मृत्यु भेल मृतकके शवसभ नेपाल लाब सरकार सहजिकरण करहल अछि कहादन । कि कोरोना सँ मृत्यु भेल आदमीके शव सेहो नेपाल लाब पायत ?

वैदेशिक रोजगारीके क्रममे कोरोना बाहेक आरो कारण सँ मृत्यु भेल आदमीसभके शव मात्रे अन्तरराष्ट्रिय उडान होबवला समयमे नेपाल लाबके काम भरहल छै । वैदेशिक रोजगारीके क्रममे कोरोना सँ मृत्यु भेल नेपालीके शव सम्बन्धित देशमे नियम अनुसार सदगति कर आ से करके लेल नजिकके रिस्तेदार या जिम्मेवार आदमीके नियम अनुसार वैदेशिक रोजगार बोर्ड सहुलियत उपलब्ध कराएत कहि अई सँ पहिलेहे जानकारी करा चुकल अछि ।

स्रोत: https://www.facebook.com/photo?fbid=342009510096563&set=a.111383046492545

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिख्क म्यासेज पठाउ






COVID-19
को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन
viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ
३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरब | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५,००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| १,९४,२२५ संक्रमित | ४६,९४० संक्रमित | २७,४१४ संक्रमित | ९७,००३ संक्रमित | ४९,०६९ संक्रमित | ४२,५५५ | ८,६४३ संक्रमित | १२,९०४ संक्रमित |
| १,६५० नेपाली संक्रमित | ७५० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | १८,००० नेपाली संक्रमित | १,६०० नेपाली संक्रमित | | ८९ नेपाली संक्रमित | |
| ९ मृत्यु भएका नेपाली | ३ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | ७ मृत्यु भएका नेपाली | १९ मृत्यु भएका नेपाली | | | |



गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली

गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या

गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या

गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## विभिन्न देशमे रहल श्रमिकसभके लेल उपयोगी जानकारी

### यू.ए.ई.

नेपाली दुतावास घर फिर्ता आबवला १५,३०५ कोईके नाम सार्वजनिक केने छै । यू.ए.ई. सँ उडान होबवला ४ टा जहाज मे सँ अपना सहज होबवला मिति आ जहाजके टिकट काट्नाई खूला केने अछि ।

### साउदी अरब

एयरपोर्टमे जाएकाल अपनाव परवला सावधानीके विषयमे कन्सुलेट विभाग कामदारके सहजताके लेल निकालने सूचना

साथमे ललक जायपरवला कागजात

१. राहदानी

२. हवाइटिकटके प्रिन्ट या मोवाइलमे सफ्ट कपि

३. कोरोना परीक्षणके सर्टिफिकेट

४. बहिर्गमनके कागजात

विमानस्थल जायकाल मास्क, ग्लोव लगाबके साथे सामाजिक दुरी कायम करनाई अनिवार्य हेतै ।

### कुवेत

१. नेपाली दुतावास चार्टर उडान मार्फत नेपाल फिर्ता होब चाहवलासभके नाम सार्वजनिक केने अछि ।

२. दोसर चरणके लकडाउन ढिला कएलगेल छै। जुन ३० गते सँ कार्यान्वयन कलक कर्फ्यूके समय साँझके ८ बजे सँ भोरके ५ बजेतक बनाएल गेल छै ।

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## संघिय सरकार

**जम्मा**

तिन पटक गरेर नेपाल सरकार अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याईएको

**करिब १ अर्व ४८ करोड**

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण, रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमा जम्मा

**करिब २ अर्व २६ करोड**

**दाता**

ए.डि.बि.
करिव ३० अर्व ३३ करोड

विश्व बैंक
करिव ३ करोड ४८ लाख

आई.एम.एफ.
करिव १५ अर्व ८८ करोड

युरोपियन युनियन
करिव ९ अर्व ९४ करोड

**खर्च**

कोरोना भाईरस विरुद्धका गतिविधिमा नेपाल सरकारले गरेको खर्च स्वास्थ्य मन्त्रालयलाई निकासा

**करिब ४ अर्व १० करोड**

रक्षा मन्त्रालय मार्फत कोरोना रोकथाम र नियन्त्रणका लागि चाहिने स्वास्थ्य उपकरण खरिदको लागि

**२ अर्ब ३४ करोड निकासा**

## प्रदेश सरकार

| प्रदेश | प्रदेश १ | प्रदेश २ | बागमती प्रदेश | गण्डकी प्रदेश | प्रदेश ५ | कर्णाली प्रदेश | सुदुरपश्चिम प्रदेश |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| जम्मा रकम | करिब २९.४ करोड | करिब २६.६ करोड | करिब ४२.९ करोड | करिब १८.३ करोड | करिब १५.६ करोड | करिब २५.४ करोड | करिब ४२.५ करोड |
| खर्च गरिएको रकम | करिब १९.३ करोड | करिब १३.३ करोड | करिब १३.६ करोड | करिब १५.४ करोड | करिब ७.७९ करोड | करिब २३.९ करोड | करिब ३६.४ करोड |

## कूल बजेटके तुलनामे प्रदेशगत सामाजिक विकास मन्त्रालयके बजेटके प्रतिशत, एकर वृद्धि दर आ स्वास्थ्य क्षेत्रमे भेल खर्चके प्रतिशत

- कूल बजेट मे सँ स्वास्थ्य क्षेत्रमे कएलगेल खर्च
- कूल बजेट मे सँ सामाजिक विकास मन्त्रालयके बजेट प्रतिशत
- अगिला वर्ष सँ अई वर्ष सामाजिक विकास मन्त्रालयके बजेटमे भेल वृद्धि प्रतिशत



# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## चालु आर्थिक वर्ष आ आगामी आर्थिक वर्षमे प्रदेश सामाजिक विकास मन्त्रालयके जम्मा बजेट मे सँ पूँजीगत खर्च




सब प्रदेशसभ सामाजिक विकास मन्त्रालयके बजेटमे वृद्धि केने अछि । किया कि, स्वास्थ्य सम्बन्धी हरेक खर्चसभच अहि मन्त्रालयके शिर्षक अन्तरगत परैत छै । प्रदेश नं. २ आ कर्णाली प्रदेशमे अई मन्त्रालयमे १०० प्रतिशत सँ बजेट वृद्धि केने अछि । लेकिन, कुल बजेट मे सँ स्वास्थ्य क्षेत्रके लगानी मुदा अखनो आरो क्षेत्र सँ कमे छै । औषतमे, प्रदेश सरकार जम्मा ५% रकम मात्रे स्वास्थ्य क्षेत्रमे छुट्याओलगेल अछि, जे सँ अखनके अवस्थामे सुधार कर नै सकत । तसर्थ, सामाजिक विकास मन्त्रालयके बजेटमे पर्याप्त वृद्धि भेल छै, यद्यपी अइ प्रदेशमे स्वास्थ्य विकासमे छुट्याओल गेल बजेट सँ स्वास्थ्य क्षेत्रमे सुधारके सहि चित्रण नै करैछै ।

अखनो कह परत त, सामाजिक विकास मन्त्रालयके चालु खर्च सँ पुँजीगत खर्च बढाब जरुरी छै लेकिन, प्राय: सब प्रदेश ओना कर नै सकल अछि । अई सन्दर्भमे प्रदेश नं. २ के वृद्धि दर बहुते छै (आ.व २०७६/२०७७ सँ २३% बेसी), जत कर्णाली प्रदेशमे स्पष्ट रुपमे घटल छै । कोरोना भाईरसके संक्रमण अहिना नै रुकत से नै देखाईत छै, अई सँ आरो विकराल स्थिति उत्पन्न कर सकत तै बातके मध्येनजर करबै त, अई सँ प्रदेश सरकारके कठिन परिस्थितिमे पुगाओत । अखन पुँजिगत खर्चमे वृद्धि करनाई एकदम जरुरी छै । तै कारण, सरकारके बजेट विनियोजन करसँ पहिले खसिरहल स्वास्थ्य प्रणालीके ध्यान देब परत ।

नोट: हमरासभके उद्देश्य सरकारद्वारा कयलगेल बढिया काज आ छुट्याओलगेल बजेटके विषयमे सबके जानकारी होई आ तेकरबाद अई विषयमे नागरिक आ आरो सरोकारवालाके बीचमे बातचित भऽलक सरकारके पर्याप्त पृष्ठपोषण प्राप्त होई से अछि । एत प्रस्तुत विवरण पूर्ण नै छै । उपलब्ध माध्यमसँ संग्रह कऽलक राखलगेल अछि । आरो सही तथ्यांक संकलन कऽलक परिमार्जन करैत जायब । अईमे सबकोईके सहयोग क देब लेल आग्रह करैत छी ।

# महामारीके समयमे महिनावारी आ जनानीके स्वास्थ्यके व्यवस्थापन

विश्वभैर दैनिक ३० करोड जनानी आ युवतीके महिनावारी होई छै । कोभिड - १९ के महामारी आ सरकारद्वारा करलगेल लकडाउनके कारण महिनावारी होबवला जनानी आ युवतीसभ बेसी प्रभावित भेल अछि । ओकरासभके महिनावारीके समयमे जरुरतके स्वास्थ्य सामग्री आ आरो सुविधा पाबमे कठिनाई भरहल छै । तहिना कलक, क्वारेन्टाईमे जरुरतके स्वास्थ्य सेवा आ जनानीमैत्री शौचालय नैभेला सँ आरो समस्या थपागेल अछि । यद्यपी सरकार क्वारेन्टाईन आ ओतके सेवा सुदृढ कर बजेट बिनियोजन केने छै लेकिन, जनानीके मासिक स्वास्थ्य स्वच्छता आ सरसफाईके उपकरणके विषयमे कोनो विशेष व्यवस्था केने नै देखाईत अछि । हरेक दिन संक्रमितके संख्या बढलासंगे सुरक्षित क्वारेन्टाईन आ आईसोलेशनके जरुरत सेहो ओतवे बैढ गेल छै । WASH के सुविधासंगे मासिक स्वच्छता आ सरसफाई सामग्रीके व्यवस्था करनाई सेहो ओतवे महत्वपूर्ण होईछै ।



## मासिक स्वास्थ्य स्वच्छता सामग्री वितरण



किछ रिपोर्टसभके आधार मानबै त, महामारीके समयमे जोखिम युक्त आ सिमान्तकृत समुदायके जनानीसभके लेल महिनावारी सम्बन्धी आ व्यक्तिगत स्वास्थ्य सँ आरो जरुरतके प्राथमिकतामे परत से देखलगेल छै । उसभ असुरक्षित विकल्पसभ प्रयोग कर बाध्य भेलाके कारण भविष्यमे ओकरसभके स्वास्थ्य जोखिममे पर सकैछै । अईके लेल स्थानीय सरकार अलग्गे बजेट विनियोजन कर परतै । ओई समुदायमे नि:शुल्क मासिक स्वच्छता सामग्री वितरण कर परैछै, जै के कारणसँ ओकरासभके मासिक स्वास्थ्य सामग्रीके उपलब्धता सुनिश्चित मात्रे नै करतै, अपितु ओई सँ हुनकासभके अपन महिनावारीके सुरक्षित, व्यवस्थित आ मर्यादित कर सहयोग पुगबै छै ।

## क्वारेन्टाईन आ आईसोलेशन केन्द्रमे महिलामैत्री शौचालय

हरेक दिन संक्रमितके संख्या बढ्त गेल, सुरक्षित क्वारेन्टाईन आ आईसोलेशनके जरुरत सेहो बढि रहल छै । ओई केन्द्रसभमे साफ पाईन आ साबुनसंगे सरकार जनानी मैत्री शौचालय - भितर सँ बढियासँ चुकुल लागवला पूर्ण सुरक्षित, महिनावारीके समयमे जरुरत परवला स्वास्थ्य सामग्री आ गन्दगी व्यवस्थापन कर डस्टविन) सेहो बनाब परत । अईके कारण सँ यदि कोनो जनानी या युवती क्वारेन्टाईनमे महिनावारी भेलामे हुनकासभके सुरक्षित आ मर्यादित तरिकासँ अभ्यास आ व्यवस्थ( ापन कर सकै छी ।



## महिनावारीके विषयमे शिक्षा, जानकारी आ सचेतना देनाई



दुर्भाग्यवस्, अखन कोभिड - १९ सँ अति प्रभावित जगहसभमे नेपालके महिनावारीके द्वेषके रुपमे अभ्यास करवला क्षेत्रसभ परैत अछि । एकर रोकथामके उपायके विषयमे सचेतना फैलेनाई एकदमे महत्वपूर्ण छै आ एहन कुप्रथाके विरुद्धमे स्थानीय आ केन्द्र स्तरे सँ हस्तक्षेप भेनाई सेहो ओतबे महत्वपूर्ण छै । साथसाथे सरकारद्वारा विद्यालयके पाठ्यक्रम, रेडियो आ टेलिभिजन कार्यक्रमके माध्यमसँ सेहो महिनावारी सम्बन्धी जनचेतना फैलाब सकैत छै ।

सुमी लिम्बु
समाजिक महिला अधिकार अभियन्ता

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस्




## सुशिला मिश्र भट्ट

उप- प्रमुख

धनगढी उप-महानगरपालिका

"कोभिड - १९ न्युनिकरण कर, विदेशसँ आएल आदमीसभके पुनर्स्थापन करब, ओकरासभके श्रम आ आम्दनीसंगे जोड़ब, गर्भवती, अपांग भेल आदमीसभ, जेठ नागरिकके निर्धारित कएलगेल मापदण्ड अनुसार राहत वितरण करब कहि रणनीतिक नीति तथा कार्यक्रम लेनाई स्थानीय सरकारके अखनके जरुरत छै ।"

## लक्ष्मी गौतम

उप- प्रमुख

ईटहरी उप-महानगरपालिका

"संघिय सरकार क्वारेन्टाईन बनाउ त कहलक लेकिन सामान जुटेनाई चुनौतिपूर्ण छलै । निजि अस्पतालद्वारा बादमे फिर्ता करके शर्तमे बेड देलकै आ व्यवसायी स्थानीय नागरिकसभ आरो सहयोग केलकै। सरकारद्वारा निर्धारित पुरे मापदण्ड पालना कलक १०० बेडके क्वारेन्टाईन निर्माण कर सफल भेलौ।"






## उमा थापा मगर

उप- प्रमुख

नेपालगञ्ज उप-महानगरपालिका

"स्थानीय तहसभ तत्काल संक्रमितके व्यवस्थापन करब आ तैके लेल संरचना निर्माण कर परके चूनौती छलै । जब कि, बहुते निर्देशिकासभ तेकर बाद मात्रे बनलै। लेकिन, जनप्रतिनिधिसभ संयम अपनाक तत्काल निर्णय लेलाके कारणे आई सम्भावित संक्रमणके फैलावट रुकल छै । अई सँ, संकटके बेरमे सरकार साथमे छै से अनुभुती जनताके भेल छै ।"

सही सूचना

# नेपालमे कोभिड - १९ के संक्रमण कहिया नियन्त्रण हेतै ? सिमा जोडाएल देशसभके अवस्थाके देखला सँ ।

## सार्क राष्ट्रसभमे कोभिड - १९ के अवस्था




उपरका ग्राफ सँ सार्क राष्ट्रसभमे कोभिड - १९ सँ संक्रमितके तथ्यांक देखाबैत अछि । अखन तक सार्क राष्ट्रमे करिब १० लाख आदमीमे संक्रमण पुष्टि भेल छै, जत जम्मा संक्रमित मे सँ भारतमे मात्रे संक्रमितके संख्या आधा जते छै । संक्रमितके संख्याके हिसाब सँ नेपाल पाँचम स्थानपर छै त, संक्रमण सँ कमे मृत्यु होबवलासभके संख्या देखवै त, भुटान, माल्दिभ्स् आ श्रीलंकाके बाद अबैत अछि । नेपालके भारतिय सिमासंगे निकट सम्बन्ध छै, जत दैनिक संक्रमितके संख्या तिव्र गतिमे बढिरहल छै आ बहुते आदमीसभ आरो पडोसी राष्ट्रसभ सँ सेहो नेपाल आबिरहल छै । एना देखला सँ सब पडोसी सार्क राष्ट्रसभमे कोभिड - १९ के नियन्त्रण नै भेलातक नेपालमे एकर रोकथाम तथा नियन्त्रण करनाई कठिन छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

एहि अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतरास संस्था तथा आदमी, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स (समुदायमे आगु आबिक काज करवलासभ) आ सिभिक एक्सन टिम (नागरिक कार्य समूह) द्वारा अहि मई महिना भितर २००० सँ बेसी आदमीसंगेके बातचितसँ संकलन कएलगेल अछि । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दएक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ चयन कएलगेल अछि । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मितितक सत्य अछि ।



**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219